



## VIH (Imino-defisyans Imèn)

### Kisa VIH ye?

VIH (Imino-Defisyans Imèn) se you viris ki atake defans iminitè – pati nan kò ou ki la pou konbat maladi. Enfeksyon VIH ka vin devlope an SIDA (Sendwòm Imino-defisyans Aki). Plis pase 5,600 moun nan Boston t ap viv ak VIH an 2013.

### Kouman you moun ka bay you lòt moun VIH?

VIH simaye nan likid kò moun tankou likid ki soti nan vajen, dechay gason, ak nan san. Nenpòt moun ki ekspoze a viris la nan kontak seksyèl oubyen nan san kapab enfekte. VIH kapab pase de you moun a you lòt nan sèks (nan vajen, bouch, oubyen nan dèyè), piki dwòg, de manman a pitit pandan gwosès, akouchman, oubyen nan bay tete. Nan ka ki pi ra a yo, VIH kapab transmèt nan transfizyon san (yon fason pou resevwa pwodwi san) oubyen grefaj ògàn. Sepandan, yo teste tout san ak ògàn moun bay, konsa chans pou you moun enfekte nan fason sa a piti anpil. Moun ka toujou transmèt VIH menm si yo pa gen sentòm/siy. Gason ki fè sèks ak gason (MSM) gen pi gwo chans pou enfeksyon VIH pase lòt gwoup moun. In 2013, 48 pousan moun nan Boston ki t ap viv ak VIH se te gason ki fè sèks ak gason (MSM).

### Bagay ki mete moun a risk pou VIH genyen ladan yo:

- Sèks nan dèyè oubyen nan vajen san itilize kapòt (latèks oubyen poliretan)
- Sèks nan bouch san itilize baraj pou dan (baryè pou bouch)
- Genyen plizyè patnè sèks
- Genyen you lòt enfeksyon ki transmèt nan sèks (STI) tankou Klamidya, Gonore, ou Sifilis
- Pataje sereng oubyen “travay” si ou pran dwòg
- Tibebe fanm ki te enfekte ak VIH

### Kouman VIH la travay?

Genyen plizyè etap pou enfeksyon VIH: Enfeksyon rapid ki pa grav, peryòd andòmi ak SIDA.

#### Enfeksyon rapid:

- Etap sa a pran 2-4 semèn **apre** you moun fin enfekte ak viris la.
- Majorite moun ki enfekte devlope you maladi tankou grip (lafyè, doulè nan manm, gratèl, doulè nan jwenti)
- Sentòm yo kapab tèlman lejè, nou gen dwa pa menm santi yo, viris la kontinye ap miltipliye epi gaye nan kò a pandan tan sa a.
- Kapasite pou bay VIH pi wo nan etap sa a paske kantite viris ki nan san an vin wo anpil.

#### Peryòd Andòmi (san aktivite oubyen ap dòmi):

- Peryòd sa a ka dire anpil ane
- Genyen de twa sentòm ki asosye ak etap enfeksyon VIH sa a. Anpil moun ka viv san yo pa gen sentòm padan anpil ane
- Nan etap sa a, viris la nan kò a men li pa atake sistèm iminitè a, men, tretman pandan etap sa a enpòtan.
- Moun yo ki gen viris la ka toujou bay lòt moun li.

#### SIDA (Sendwòm Imino-defisyans Aki):

- Etap sa a souvan rive anpil ane apre you moun te enfekte ak VIH.
- You moun gen SIDA lè repons iminitè yo fèb anpil epi yo pèdi kapasite pou konbat enfeksyon.
- Sentòm yo ki asosye ak peryòd sa a kapab varye anpil.
- Anpil medikaman disponib pou trete SIDA.

Li enpòtan pou fè konnen you moun ka transmèt VIH a lòt moun pandan nenpòt etap sa a yo.

## Pandan konbyen tan you moun ki enfekte ka bay VIH?

Depi you moun fin enfekte ak VIH, yo ka **toujou** transmèt viris la a nenpòt moun ki pa enfekte nan sèks oubyen nan sèvi ak menm materyèl pou piki dwòg tankou sereng. Plis viris VIH la yo gen nan kò yo, se plis li fasil pou yo transmèt viris la. Lè you moun nan tretman pou VIH, sa vin redwi chans pou enfekte you lòt moun, konsa li enpòtan anpil pou pran tout medikaman ki preskri pou VIH. Toujou sèvi ak kapòt lè nap fè sèks (nan vajen, bouch, oubyen nan dèyè) epi pa janm pataje sereng “travay” si nou pran piki dwòg. VIH ka pase tou de yon manman ki enfekte a pitit li pandan gwosès, akouchman, oubyen bay tete san bon tretman.

## Kisa sentòm/siy VIH yo ye?

Anpil moun ki enfekte ak VIH pa santi okenn sentòm pandan anpil ane apre enfeksyon an. Sa nou pral wè la a yo **kapab se** siyal avètisman pou enfeksyon VIH ki deja pwogrese:

- Pèdi pwa rapid, touse sèk, lafyèv ki ale vini, oubyen anpil syè nan nwit
- You gwo fatig ou paka eksplike, Glann anfle anba bra, kwis, oubyen kou
- Dyare ki dire plis pase you semèn
- Tach blanch oubyen mak dwòl sou lang, nan bouch, oubyen nan gòj
- Pèdi memwa, depresyon, ak lòt pwoblèm sistèm nè

## Kouman mwen ka konnen si mwen gen VIH?

Sèl fason pou konnen si ou enfekte se pou **Fè Tès**. You moun ki travay nan bay swen lasante ka pran yon echantyon san oubyen you tanpon nan bouch ou pou teste pou VIH. Tou depan de tip tès la, ou ka jwenn rezilta nan 20 minit (Tès Rapid pou VIH) oubyen nan kèlke jou. Pale ak doktè ou pou konnen ki tès ki pi bon pou ou. Genyen tou anpil sant gratis konfidansyèl nan Boston. Pou jwenn you sant ki tou pre ou, rele Mayor’s Health Line la nan **617-534-5050** oubyen vizite [https://gettested.cdc.gov/search\\_results](https://gettested.cdc.gov/search_results).

## Èske VIH ka trete oubyen geri?

Gen medikaman ki disponib pou trete VIH, men pa gen gerizon pou kounye a. Koumanse ak tretman bonè pi bon, se pou sa ou ta dwe fè tès si ou panse ou enfekte. Pran medikaman pou VIH ka fè ou santi ou an sante epi diminye chans pou bay yon lòt moun viris la. Moun k ap fè rechèch ap travay sou vaksen VIH, medikaman nouvo, ak fason nouvo pou prevni VIH.

## E si mwen te ekspoze a VIH?

Si ou panse ou te ekspoze a VIH, kontakte doktè ou imedyatman. Medikaman tou swit apre ou fin enfekte ka prevni enfeksyon; sa rele Prezèvatif Apre Kontak [Post-Exposure Prophylaxis (PEP)]. Si ou panse ou ta ka pran kontak ak VIH pi devan, mande doktè ou enfòmasyon sou PrEP (Pre-Exposure Prophylaxis/Prezèvatif Avan Kontak). Si ou pa gen yon doktè, rele Mayor’s Health Line la nan **617-534-5050** pou ede ou jwenn swen nan Boston.

### Kouman m ka pwoteje tèt mwen pou m pa pran VIH?

- Toujou sèvi ak kapòt ki fèt ak latèks oubyen poliretan oubyen baryè (baraj pou dan) lè ou ap fè sèks (vajen, bouch, oubyen nan dèyè).
- Kapòt ki fèt ak materyèl ki “natirèl” yo ka pwoteje kont gwosès men PA KONT VIH oubyen lòt maladi seksyèl yo (STI).
- Limite valè patnè seksyèl ou yo.
- Pale ak patnè ou yo sou sitiyasyon yo epi pou yo fè tès.
- Pale ak doktè ou sou sèks ak pwoteksyon epi pou fè tès.
- Konprann ke fè sèks pandan ou anba dwòg ak/oubyen lè ou sou ka fè ou gen plis chans pou fè sèks san pwoteje.
- Pa pataje sereng oubyen “travay” si ou ap pran piki dwòg.

